

# Mit Anpil Moun Tande Sou Vaksen Moderna a

Gen plizyè **mit** sou nouvo vaksen COVID-19 lan ki nan lari a. Nan CHN, nou vle ba w **enfòmasyon** sou vaksen sa a konsa w ap ka pran bonjan desizyon sou sante ou.

## "Mwen tande vaksen COVID-19 lan ap banm COVID-19. Èske se vre?"

**Vaksen an p ap ba w COVID-19.** Vaksen an pa itilize viris ki vivan ki deklannche COVID-19 lan. Depreferans, vaksen an aprann kò w kijan pou li konnen li enfekte epi goumen kont viris lan ki deklannche COVID-19. Ou kapab gen kèk sentom aprè w fin pran vaksen an, tankou lafyè. Sa se yon siy ki nòmal ki montre kò w ap pwoteje li kont COVID-19.

## "Èske vaksen an pral lakòz mwen pozitif ak COVID-19 lè yo fè tès pou mwen?"

**Non, vaksen an p ap pral lakòz tès COVID-19 ou fè a pozitif.** Lè tès lan pozitif sa vle di ou gen COVID-19 aktyèlman.

## "Mwen te deja genyen COVID-19. Èske mwen ta dwe toujou pran vaksen an?"

**Si w te deja gen COVID-19 lan, ekspè yo kapab toujou rekòmande pou ou pran vaksen an.** Lè w fin gen COVID-19 lan, kò w kapab kreye kèk pwoteksyon otomatik kont viris lan. Etandone nou pa konnen pou konbyen tan pwoteksyon an ap ye epi gen yon chans ou kapab vin malad ankò, lè w pran vaksen an se pral yon etap enpòtan k ap ba w plis pwoteksyon.

## "Èske mRNA COVID-19 lan kapab modifye ADN ou?"

**Nan okenn sans vaksen an p ap chanje ADN (konpozisyon jenetik) ou.** mRNA lan ede kò nou kreye yon pwoteyin k ap aprann kò nou goumen epi pwoteje li kont COVID-19. Li enposib pou li rantre andedan pati selil ou yo ki gen ADN lan.

## "Mwen aprann gen yon ti pis nan vaksen COVID-19 lan. Èske se vre?"

**Se pa vre.** Sa a se yon move nouvèl ki mache pandan sezon pandemi a. Li enpòtan pou w pran enfòmasyon apati sous fyab yo, tankou CDC. Si ou gen yon kesyon sou yon bagay ou tande konsènan vaksen sa a, ou kapab poze yon doktè oswa yon enfimyè CHN kesyon.

**Pale ak yon doktè oswa yon enfimyè CHN si ou gen plis kesyon sou vaksen an!**



Swen Sante pou tout moun.

866.246.8259

[www.chnyc.org](http://www.chnyc.org)

